

Kijan pou jwenn yon kat asirans sante pou yon tibebe ki fèt Québec si okenn nan paran yo pa gen yon kat asirans sante

ETAP 1

Anrejistre tibebe w la nan rejis sivil la.



1. Apre akouchman an, mande lopital la oswa sant akouchman an de dokiman:
 - Yon kopi akdenesans.
 - Deklarasyon Nesans (fòmilè papye 3 paj).
2. Konplete tout twa paj Deklarasyon Nesans lan.
 - Ou ka mande enfimyè a, fanmsaj la oswa travayè sosyal la pou ede w ranpli Deklarasyon Nesans lan.
3. Soumèt Deklarasyon Nesans lan.
 - Plis ou soumèt Deklarasyon an bonè, se plis w ap resevwa yon repons pi vit nan men Régie de l'assurance maladie du Québec (RAMQ).
 - Si w soumèt Deklarasyon Nesans lan plis pase 30 jou apre nesans lan, w ap oblije peye pou anrejistre tibebe w la.
 - Ou ka mande lopital la oswa sant akouchman an pou voye Deklarasyon Nesans lan pou ou, oswa ou ka voye l poukont ou nan adrès sa a:

Directeur de l'état civil
2535 Boulevard Laurier
Vil Québec, QC G1V 5C6



ETAP 2

Aprè 4 a 6 semèn, w ap resevwa yon lèt k ap mande w bay kèk enfòmasyon epi k ap voye yon atestasyon ki konfime enskripsyon tibebe w la nan asirans sante a.



Ou ka sèlman anrejistre tibebe ou pou asirans sante si ou gen entansyon rete Québec ak pitit ou pou plis pase 6 mwa.

1. Voye dokiman RAMQ mande yo tousuit.
2. Sèvi ak atestasyon enskripsyon an pou tibebe w la ka resevwa swen medikal gratis.
 - Atestasyon enskripsyon an valab sèlman pou yon ti tan. Li gen yon dat ekspirasyon.



ETAP 3

Aprè 1 a 2 mwa, w ap resevwa yon lèt desizyon nan men Régie de l'assurance maladie (RAMQ).

Si RAMQ **apwouve aplikasyon w lan**:

1. Ou pral resevwa kat asirans sante tibebe ou a pita.

Si RAMQ **refize aplikasyon w lan**:

1. Ou pral oblije peye pou swen sante tibebe ou a.
2. Rele RAMQ nan nimewo sa a pou w konnen poukisa yo te refize aplikasyon w lan: 1-800-561-9749.



Si tibebe w la bezwen swen sante.



Rele 811 epi chwazi opsyon 3 pou jwenn bon sèvis sante pou tibebe w la.

- Vaksen yo rekòmande pou tibebe w la gratis, kit li gen yon kat asirans sante oswa non.



Swen medikal tibebe w la gratis si w prezante atestasyon enskripsyon li oswa kat asirans sante li ki valab.

- Asire w ou renouvle kat swen sante a anvan dat ekspirasyon li lè w rele RAMQ nan 1-800-561-9749.
- Montre atestasyon anrejistremant tibebe w la oswa kat asirans sante a nan famasi a lè w ap pran medikaman an.



Yo ka voye bòdwo swen sante tibebe w la ba ou si:

- Ou poko resevwa atestasyon enskripsyon RAMQ pou tibebe w la.
- Atestasyon enskripsyon RAMQ tibebe w la ekspire epi ou poko resevwa kat RAMQ li a.
- Kat asirans sante yo a ekspire.

Si ou dwe peye pou swen medikal:

- Ou ka rele RAMQ nan 1-800-561-9749 pou tcheke estati dosye tibebe w la.
- Konsève tout fakti ak resi. Asire w pou mande yon resi menm si w peye ak lajan kach.
- Ou ka fè yon antant pou peye ak depatman kontablite lopital la.

Ou ta renmen fè yon demann ranbousman pou depans medikal ou te deja peye.

Ou dwe gen kat RAMQ la, ansanm ak fakti ak resi pou tout swen tibebe a te resevwa.

- **Frè yo peye doktè yo:**

Sèvi ak fòmilè sa a pou mande yon ranbousman.



- **Frè yo peye nan yon lopital oswa nan yon sant akouchman:** Rele lopital la oswa sant akouchman an oswa ale nan depatman kontablite a ak kat asirans sante tibebe w la.
- **Pri medikaman yo:** Ale nan famasi a pou mande ranbousman.

Pou jwenn èd.

- Mande yon òganizasyon kominotè oswa CLSC a èd, oswa rele 211.
- Rele lopital la epi mande pou w pale ak komite itilizatè a (pa egzanp, si yo refize bay tibebe w la swen oswa si w pa resevwa yon Akdenesans). Sa a p ap gen okenn enpak sou demann imigrasyon ou. Sa yo se sèvis konfidansyèl.
- Pwofesyonèl k ap sipòte w la ka jwenn plis enfòmasyon sou paj sa a: Équipe de proximité Périnatalité, enfance, familles et communautés | Direction régionale de santé publique de Montréal.

Zouti sa a te tradui nan plizyè lang.